Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 31 (7585)
13 Июль
Хамиз
2023 сон
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

ДандчIвай

## СВОялдаса ругъухъабазулгун дандчIвай



Гьал къоязда муниципалитеталъул бетIер ГI. НурмухIамадов дандчIвана Украиналъул хасаб операциялдаса руссарал гIолохъабигун. Гьел ккола МухIамадсайгид Баширов, ГIабдула ХIасанов ва Муслим Зияудинов. Гьудуллъиялъулаб дандчIваялда гьез бицана жакъа Украиналда бугеб хIалалъул, гьенир рихьулел захIмалъабазул.

Киналго СВОялда ругел, шапакъатал гьечIониги руго бахIарзал, щибаб къоялъ жидерго рухIалда барахщичIого гьез цIунулеб буго ВатIан. Гьеб рахьалъ цогидаздаса ватIа гьавула Унсоколо росулъа М-С. Баширов. Гьев ккола врач-травматолог, гьес хвасар гьарулел руго рагъул майданалда лъукъарал, щвана «За отвагу» медаль.

Шамильхъала поселокалдаса ГI. ХIасанов ккола кьвагьдо хъан-гранатометчик, штурмовияб отделениялъул командир. БахIарчиял ва бихьинчиял ишазе гIоло гьесие щвана гIемерал медалал ва шапакъатал (цIале 2 гьумералда). Гьединго дандчIвана гьал къоязда ВСОялдаса отпускаялъ вач1арав Муслим Зияудиновгун.

БетIерас гьезие гьарана хадурккунги рагъулъ лъикIал хIасилал, чорхое сахлъи. Баркала загьир гьабуна къо хIехьеялъухъ ва къвакIиялъухъ. Гьес кидаго хъаравуллъи ккунги буго СВОялда ругел рагъухъабазда хадуб.

## Врач Ж. СагIидбегов районалда

Гьал къоязда райадминистрациялъул актовияб залалда букIана медицинаялъул гIелмабазул рахъалъ профессор Жамалудин СагIидбеговасулгун дандчIвай.

Ж. СагIидбегов ккола ЛъаратIа районалъул Хадиял росулъа. Гьев вуго Советиябги Россиялъулги заманабазул врач, нервопотолог, Россиялъул гIелмабазул академиялъул член, гьодил крестцовияб отделалъул ва гьодил чIолоялъул унти сах гьабиялъул рахъалъ цеветIурав врач. 1985 соналдаса нахъе Россиялъул клиникаязда хIалтIизарулел руго сах гьариялъул ва гIемер заманаялъ унтунгутIиялъе гьесул къагIидаби.

ГьабсагIаталда профессор хIалтIулев вуго Рималда. Щибаб риидал гьев вачIуна Дагъистаналде, гIагараб ракьалъул гIадамазул сахлъи щула гьабизе.

Ж. СагIидбеговас дандчIваразул гIемерал суалазе жавабал кьуна, гьаруна тIаде къабул, гьодил чIолоялда хурхун унтаразе гьаруна малъа-хъваял.

Районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовас гьесие сайгъат гьабуна ансадерил ишан чIван хIадурараб хвалчен ва бихьизабуна дунялалда кирниги гьаруларин гьадинал тIагIелал,-абун. Гьес кIудияв врачасе баркала загьир гьабуна гьоболлъухъ вачIаралъухъ, рахьана цадахъ чIун ракIалде щвеялъе суратал.

Данделъаби

## Хайиралъулаб бутIа цIикIкIиналъе



Данделъун букIана консолидированнияб бюджеталъул хайиралъулаб бутIа цIикIкIинабиялде, гьелъул бецIлъукь бугеб сектор къватIиб чIвазабиялъул мурадалда муниципалитеталда гьаризесел хIалтIабазул бицунеб данделъи. Гьелъул хIаракатчагIилъун цере рахъана ОМВДялъул начальник А. МухIамадов, Россиялъул Унсоколо районалда вугев налоговияб инспекциялъул нач. ХI. ХIажиевги. Данделъиялда гьоркьор лъуна предпринимательствалъулгун хIалтIи гьабулел гIадамазул хъвай-хъвагIай гьаби, гьезул закониял документал рукIинариялда хурхунги суал.

Данделъиялъул хIасилазда рекъон гIуцIана рейдал гьариялъул мурадалда щуго ведомствабазда гьоркьосел группаби, гьенире гьоркьоре рачана налогазул хъулухъалъул, электросетазул, бакIал раялъул ва ракьулгун кадастровиял гьединго буголъиялъул гьоркьорлъабазул гIадамал.

Хадубккун группабаз гьаризе руго хал гьариял. ХIисабалде босун буго интерактивиял картаби гьаризе щибаб районалъул территориялда ругел коммерческиял объектазул.

## Законалъул тIалабал цIунизин



Нахъиял къоязго тIадехун рехсараб данделъиялъул хIасилалги гьарун, «Унсоколо район» МОялъул территориялда байбихьана районалъул консолидированнияб бюджет цIикIкIинабиялъул мурадалда рейдал гьаризе, хIасилал гьаруна группабаз гьарулел ругел хал гьариял рук1ине руго Шамильхъалаялъул трассаялда ругел объектазул, Рихьуни росулъе щвезегIан. Щибал къватIир чIварал хIужабазда хурхун данде ккол тадбирал гьарулел руго электроэнергия къотIизабиялде гIунтIун.

Хал гьариязда хурхун муниципалитеталъул бетIер ГI. НурмухIамадовас бихьизабуна: «ГIадамазул ихтиярал хвезарулел коммерческиял гIуцIаби къаялъул. Дун вуго районалда туризм цебетIезабиялъе гьирагун, гьелъул бизнесалъул дица рахъги ккола. Амма кинабго гьабулеб хIалтIи данде ккезе ккола законалъул рихьизариязда, гьел цIунулел гьечIо цо-цо гIадамаз»,-абун бихьизабуна бетIерас хадубги.

Данделъиялда кIалъараз тIадчIей гьабуна киналго бизнесалъе рагьарал точкаби законниял тIалабазде данде ккезе кколин.

## Нух битIаги!




Гьал къоязда районалдаса РФялъул ВСялъул къеразулъе хъулухъ гьабизе ана нилъер районалдаса щуго гIолилав.

-Хириял ватIанги нижги цIунулел, гIолилал! ЛъикIаб хъулухъги, бажариги гьарула, нужее! Нуж руго гьайбатаб, эркенаб улка, гьелъул гIадамал цIунизе рахъарал цIумал. РукIа ВатIаналъул васаллъун, цIуне гьеб! Аллагьас балагьаздаса цIунаги нуж!

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 31 (7585)
14 июль Хамиз
2023 сон

2 гьумер

## «Нилъер заманаялъул бахIарзал» (гIолилазе)

**ЛъагIелгун бащдаб гIанисеб заман буго СШАялъгун Европаялъ Россия рес къотIуде ккезабиялъул мурадалда Украиналда рагъал гьарулел ругелдаса. Гьезул мурад буго бищунго цебе Россиялъул къуват загIиплъизаби, улкалъиялъулаб камиллъи биххизаби, гьелъул къиматал ресурсал жидехъего щвей. Гьеб мурадалда саназ гьабуна гьез нилъедехун жахIда-хIусуд, Украиналъул гIадамазе къваридъи-захIмалъиги гьабун, ккезабуна рагъ ва щибго жидер анищазул хIасил кколареблъи лъалеб бугониги къотIизе толеб гьечIо гьеб. Жеги унел руго рагъал, лъалеб гьечIо гьелъул ахир кинаб букIинабали. Гьеб рагъул васазул бищунеб буго гьаб гьумералда.**

# Бахмут: отделениялъул командир



Ростовалдасан контрактги хъван, 2022 соналъул I2 октябралда рагъулал цIалиял унеб Луганскиялъул халкъияб республикаялде ана нилъер районалъул Шамильхъала поселокалда гIумро гьабулев ГIабдула ХIасанов рагъулал ишазе х1адурлъиялъе. Лъабго анкьалъ гьенив рагъулаб техника лъазабиялъеги цIалун, гьал ритIула бищунго хIалуцарал рагъал унеб Бахмуталъул ракьалде. БачIинахъего гьасде тIаде ккола гранатаметчикасул ва кьвагьдохъанасул хIалтIи.

Дагъистаниязул таваккалалъеги къо хIехьеялъеги тIадегIанаб къимат кьолаан гьазул командованиялъ. Гьедин Г1абдула тIамула штурмаялъулгун разведкаялъул отделениялъул командирлъун. Гьеб отделениялъ лъазабулаан кисанго сверухълъиялда бугеб ахIвал-хIал, штурмовиказ тушманасда щвезабулаан кьаби. Гьединго аскIосан ругел цогидал отделениязеги кумекалъе рахъунаан гьал.

Бахмуталъул росабазул сверухълъабазда аслияб къагIидаялда унел рукIана дроназул ва гьаваялъул рагъ. Гьаз ракьалда нилъер чIагояб къуват бугел бакIазе кисанго рачIун кумек гьабулаан ва гьазул кумекалдалъун цIакъго захIматал хIасилал кколароан кьалулаб майданалда. ЛъикIаб хIасил бихьизабуна отделениялъ «Солидаралда» сверухъ ккараб рагъулги, штурмаялъулал аскIор рукIинчIелани лъикIал кколароан гьенир унел рагъазул хIасилал,- ян ракIалде щвезабуна ГIабдулагьица рагъул ахIвал-хIалалъул рахъалъ диргун букIараб гара-чIвариялда.

- Унел рагъазда гьоркьосан гочинаруна бакI-бакIазде Бахмуталъул росабазул гIадамал. Гьел гочунел къояздаги гIассиял балагьал рачана нацистаз ракълилаб халкъалде. Гьеб заманалда т1убараб лъаг1елалъ кьвагьа-гIанхъиги ч1вай-хъвейги къотIичIо Бахмуталдаса. Рагъул бищунго цIикIкIараб бакIлъи ккараб бакI ккола гьеб. Гьенир унел гIассиял рагъазе тIолабго рахъалъ жаваб кьолаан разведкаялъ кинабго лъазабун хIалтIи гIуцIараб штурмаялъул отрядалъ. Лъабго моцIалъ тIубазабуна нижеца гьениб росаби эркен гьариялъул хIалтIи,- ян бицана гьес.

- Цолъарал къуватаз Украиналда хIалтIизарулел рагъулаб техникаялъул хIакъалъулъ бицинарищ?-ян суал къуна дица гIолиласе.

- БачIинахъего гьез нацистазухъе къуна жидергоги данде ругел хIукуматазул цебего кьердаса араб, туризе байбихьараб техника. Цо нухалъ хIалтIизабигун гьеб бихха-хванги унаан. Гьанже баккулеб буго цIияб техникаги. ГIемерисеб гьеб нижер разведкаялъ бугеб бакIги лъазабун, кьвагьизабула. Гьенибе бачIанщинаб ярагъ хIалтIизабизе рес тарабани, гIемерал саназ хер баккулароан Бахмуталъул ракьалда. ГьабсагIаталда рагъулъ хIалтIизабулеб буго хайир бугеб цIияб технагология, амма нилъер разведкаялъул кьвагьдохъабаз пайда босилалдего хIурде сверизабула гьеб гIемерисеб мехалъ.

Кидаго гуро рагъулъ х1алуцараб х1ал бук1унеб ва лъик1аб квент1ехги кваназе щолеб. Амма цо-цо рагъ гIодобе биччараб заманалда бакIалъулал гIадамаз оцги хъун, гьоболлъи гьабулаан гьазие. Бит1 ккейги кидаго гуро дандч1валеб. Бахмуталъул цо рагъулъ лъукъана ГIабдула ва гьабсагIаталда гьев районалда сахлъи рукIалиде ккезабулев вуго.

БахIарчияв васас цIар раг1изабула ВатIаналъул, талихIаллъун гьарула эбел-эмен, росу-ракь. Бахмуталъул рагъулъ бихьизабураб бахIарчилъиялъе гIоло ГI. ХIасанов мустах1икълъана РФялъул Президентасул «За отвагу», ЧВКялъул нухмалъулезул «За отвагу», «Бахмутовская мясорубка и за взятие Бахмута», «За проект – К, «Свобода» медалазе, Луганск областалъул бетIерасул рахъалдасан Баркалаялъул КагътаIалъе ва цогидалги шапакъатазе.

Украиналда рагъ унеб буго цIияб гьанжесеб техника лъазабиялъе рагъухъабазе заманги гьечIого. Рагъухъабаз гьелъул хаслъаби лъазаризе ккола цIакъго къокъаб болжалазда. ГIабдула ХIасановасул нухмалъиялда гъоркь гIолохъанал рагъухъабаз гьеб хехго лъазабун хIалтIизабуна Украиналъул рагъул авлахъазда.

Жакъа Украиналъул рагъулъ гIахьаллъаразе якъинлъулеб буго нилъер ВатIаналъул ритIухъаб ракълилаб нухги, ракьал рахъун, хIилла-макруялъ халкъал гуккулел ООНалъул нахъегIанаб политикаги. Халкъаз абуни божилъи гьабулеб буго ракьалда ритIухълъи бергьиналде. Рагъул политикаялъул бищунаго г1олилас т1адч1ей гьабуна СШАялъгун Западалъ гьаб чорокаб рагъ гьабулеб бугин дунялалъулго кверщел жидехъего щвеялъе. Амма нилъер халкъалъ гьел мурадалде щвезе тезе гьеч1уна.

Биччанте гьедин букIине!

**С. КЪЕБЕДМУХIАМАДОВА**

# Жакъасеб къоялъул бахIарчи



**Жакъасеб гIумроялъеги аслияблъун лъугьана рагъул тема. КIудияб ВатIанияб рагъул камиязул зарал гьалщинал саназ лъугIичIеб нилъер ВатIаналъе цIидасанги такрарлъана рагъулаб гIумро. Гьеб унеб буго Украиналда нилъер гIолохъабиги гьоркьор г1ахьаллъун.**

**Рагъулъ гIахьаллъулев ЦIатIаниxъ росулъа ХIажиев Сулейман МухIамадович гьал къоязда жиндирго эбел-инсухъе щвезе къокъаб заманаялъул отпускгун гIагараб районалде вачIун вукIана. Гьев дандчIвана ЕИСалъул хIалтIухъабигун.**

2023 соналъул январалдаса нахъе Украиналъул СВОялда Бахмут шагьаралъул 305 артиллерияб бригадаялда, бищун рагъ боркьараб бакIалда унел рагъулъ гIахьаллъулев вуго Сулейман. Армиялъул хъулухъалда вукIаго рукъалъул гIадамазда лъиданиги дандги бачIого жинцаго хIукму гьабула гьес спецоперациялда гIахьаллъизе ине. Рукъалъул гIадамазда гьев рагъ боркьараб точкаялда вукIин лъана щуго моцIалдасан.

Дир кин к1вараб дуда мунго лъугьун гьединаб хIукмо гьабизе,-ян абураб суалалъе гьес бихьинчияс гIадин жаваб къуна:

- Щивав нахъе кьани, лъица ВатIан цIунизе бугеб?- абун.

- СВОялда вукIаго «дур бищунго кIочонареб лъугьа-бахьин кинаб ккараб?»- абураб суалалъе жаваб кьолаго гьадин бицана гIолилас:

- Гьеб букIана завалияб хасалил кьвареарал квачалъул къоял. Ниж унел бакIазде кколеб кьо минаби лъун хIадурун букIун буго. Нижеда гьеб лъалароан. БитIухъе ниж тIасан унаго кьо кьвагьана. Нижер рота кинабго техникагун цадахъ цIер-цIорораб лъадалъе ккана, амма талихIалъ щивго хвечIо, риччарал ва цIорон холел ниж ункъго сагIаталъ тIаде машина щвезегIан гьенирго хутIана. Дир гIумроялда жаниб гьедин халалъараб захIмалъи дие ккун букIинчIо. Хадуб лъана чIварав хварав гьечIолъи, гIицIго дагьа-макъалго цIороялъ кьурал захIматлъаби рукIана щивасул черхалда. Кин букIаниги гьеб рагълъидалха.

У, рукIана сверухъ роржунел гулби, дирго гIумроялъе бугеб хIинкъи лъалеб букIинчIо нахъег1анав тушманасда бахъараб цциналъ. Дун Аллагьасда божула, Гьес хъвазегIан дида гулла хъваларо ва зарал щвеларо,-ян абуна хадубги гьес.

Сулейман ХIажиев цIидасанги тIад вуссун ана жиндирго рагъулаб часталде.

Жакъасел гьединал гIолилал гурелдай «гьанжесеб заманалъул БахIарзал!»

Аллагьас балагьаздаса цIунаги, мун, гIолилав!

**П-З ГIАБДУСАЛАМОВА.**

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 31 (7585)
Хамиз
14 июль 2023 сон

3 гъумер

# Садовод

Страница в номере



# Берегите лес от пожара!

«**Лес** — наше богатство. Берегите лес от пожара!» Этот лозунг известен всем с детства. Но из года в год с приходом весны и жарких солнечных летних дней — горят леса по всей стране. И одна из основных причин лесных пожаров — человеческая беспечность.

Владимир Солоухин писал: «Трудно представить себе космонавтов, летящих на корабле и сознательно разрушающих систему жизнеобеспечения, рассчитанную на длительный полет. Если космонавты начнут развинчивать винтики, просверливать дырочки в обшивке, то это придется квалифицировать как самоубийство».

А что же делаем мы, уничтожая природу, оставляя после похода в лес непотушенные костры, горы мусора? Лес — одно из ценнейших природных богатств. Это лёгкие нашей планеты, около 60% кислорода поставляет он в земную атмосферу, потребляет 24 кг. углекислоты, которую выдыхают пять тысяч человек. За год гектар леса «отфильтровывает» 50 — 70 т. пыли. Лес — земная кладовая, из которой черпают сырьё почти все отрасли народного хозяйства.

**Но у леса есть злейший враг — огонь.** И всё то, что создано природой или посажено

человеком за долгие годы, может погибнуть от огня в течение нескольких часов. Лесной пожар страшен. Уничтожены деревья, птице негде свить гнездо, прочь уходят звери. Лесной пожар называют стихийным бедствием. Но так ли уж оно стихийно?

Так, из-за ударов молнии и самовозгорания торфа возникает 10% лесных пожаров, а остальные 90% — по вине человека. Причиной пожара могут стать осколки стеклянной посуды, оставленные отдыхающими. Они смогут «сработать» как линзы — сконцентрировать солнечные лучи.

Костер служит мощным источником теплового излучения. Жар от него распространяется не только вверх, но и в стороны. Стволы деревьев, находящиеся неподалёку от огня, сильно нагреваются в нижней части. Что приводит к отмиранию живых тканей ствола. От сильного огня погибают также корни деревьев, расположенные около поверхности почвы. Всё это, в конечном итоге, вызывает гибель деревьев. Такие мёртвые деревья — жертвы лесных костров — мы встречаем в лесу. Это немой укор людям, которые не берегут лес.

Чтобы стволы деревьев не пострадали от нагревания тепловыми лучами. костёр должен быть разведён не ближе 10 метров от деревьев. Огонь отпугивает всех лесных обитателей. Это всегда сигнал тревоги для диких зверей, птиц, насекомых. Обычно, увидев его, они спасаются бегством. Если в лесу горит костёр, то в радиусе 100 — 150 метров покидают гнёзда совы, дрозды и другие птицы, покидают надолго, и насиживаемые яйца успевают остыть, кладка погибает.

Нарушители правил пожарной безопасности в лесу могут быть оштрафованы. При возникновении пожара возбуждается уголовное дело. Нарушители жестоко наказываются. Наиболее частая причина бедствий в лесу: незатушенные костры, брошенные окурки, спички, сжигание сухой травы. В жаркую, сухую погоду искры достаточно, чтобы вспыхнул огонь, особенно в хвойном лесу.



Помните! Лесной пожар легче потушить в первые минуты его возникновения. Если время упущено, на тушение пожара потребуется много людей, техники, что принесет большой ущерб. При низовом пожаре огонь высотой до 1 метра движется со скоростью 1 км/ч с температурой пламени 200-400 о С.

Затушить небольшой низовой огонь (горящая трава, мелкий кустарник) можно пучком веток из лиственных пород. Надо по кромке огня с внешней стороны от пожара наклонно бить ветвями, несколько прижимая их к кромке и сметая огонь внутри пламени.

Если не удается справиться самостоятельно, не прекращайте попыток и дождитесь службу спасения. В случае любого происшествия незамедлительно обращайтесь за помощью по телефону Единой Дежурной-Диспетчерской службы– 112 Телефон Службы спасения -101;

Звонки принимаются круглосуточно и бесплатно с городских и мобильных телефонов. Уважаемые жители г. Буйнакска и Буйнакского района! Находясь в лесу, будьте особенно бдительны!

Любая неосторожность в обращении с огнем может обернуться бедой для вас, для других людей, для леса и его обитателей. То, что создавала природа веками. Может погибнуть в огне за несколько часов.

## С 2023 года расширен федеральный перечень технических средств реабилитации, предоставляемых инвалиду

Прокуратура Унцукульского района разъясняет, что распоряжением Правительства РФ от 16.01.2023 № 42-р дополнен перечень технических средств реабилитации, предоставляемых инвалиду. С 2023 года в перечень включены вспомогательные электронные средства ориентации с функциями определения расстояния до объектов, определения категорий объектов, лиц людей, с вибрационной индикацией и речевым выходом.

Согласно статье 10 Федерального закона от 24.11.1995 № 181-ФЗ «О социальной защите инвалидов в Российской Федерации» государство гарантирует инвалидам получение технических средств за счёт средств федерального бюджета.

В перечень технических средств реабилитации наряду с вышеуказанными включены:

– трости опорные и тактильные, костыли, опоры, поручни;
– кресла-коляски с ручным приводом, с электроприводом и аккумуляторные батареи к ним, малогабаритные.
– протезы и ортезы;
– ортопедическая обувь;
– противопролежневые матрацы и подушки;
– приспособления для одевания, раздевания и захвата предметов;
– специальная одежда;
– специальные устройства для чтения «говорящих книг», для оптической коррекции слабовидения;
– собаки-проводники с комплектом снаряжения;
– медицинские термометры и тонометры с речевым выходом;
– сигнализаторы звука световые и вибрационные;
– слуховые аппараты, в том числе с ушными вкладышами индивидуального изготовления;
– телевизоры с телетекстом для приёма программ со скрытыми субтитрами;
– телефонные устройства с функцией видеосвязи, навигации и с текстовым выходом;
– голосообразующие аппараты;
– специальные средства при нарушениях функций выделения;
– абсорбирующее бельё, подгузники;
– кресла-стулья с санитарным оснащением;
– брайлевский дисплей, программное обеспечение экранного доступа.

## *Извещение о предоставлении земельного участка в аренду*

В соответствии со статьей 39.18 земельного кодекса Российской Федерации, Администрация МО «село Ашильта» в лице зам. главы Магомедова М.А сообщает о возможности представления в аренду земельного участка для ведения крестьянского (фермерского) хозяйства.

Граждане, заинтересованные в представлении земельного участка для указанных целей, в течение тридцати дней со дня опубликования настоящего извещения вправе подавать заявление о договоре аренды земельного участка.

Заявления можно подавать с 9.00 часов 20.06.2023 до 14.00 часов 20.07.2023 года (влючительно) в Аадминистрацию МО «село Ашильта» по адресу РД Унцукульский район с. Ашильта, ул. Багадура Малачиханова№-6.

Способ подачи заявлений: заявления подаются или направляются заинтересованным лицом по выбору лично или посредством почтой связи на бумажном носителе, либо в форме электрнных документов с использованием информационно-телекоммуникационной сети «Интернет».

Описание земельного участка: **Зу-1** с кадастровым номером: **05:35:0000:317** площадью **805** кв.м. с арендной стоимостью, установленный ООО «Институтом профессиональной оценки»- **7945** руб. в год, категория земель – земли промышленности, энергетики, траспорта, связи, радиовещания, земли обороны, безопасности и земли иного специального назначения, местоположение: Республика Дагестан, Унцукульский район, с. Ашильта.

Справки по тел. ; **8988 646 98 31**

**Алиев С. А.**
**Глава администрации**
**МО «село Ашильта»**

# Дуняладда бищунго къуватав

Нужехъе гьаб макъала хъвазе дун тIаму на цо гьадинаб хIужаялъ. Дагъистаналда, хасго спортсменазда гьоркьов, къанагIатги ватиларо Гъизилюталда гIумру гьабун чIарав Хунзахъ ХIанапиев ГIумар лъаларев чи. Дидаги гьев бицунев рагIун гурони, вихьун вукIинчIо.



Дида гьев вихьана гъоркьиса Шамильхъала поселокалде вачIун. Гьебги букIана Тагьир ТIагьирович тIобитIулеб эркенаб гугариялъул рахъалъ халкъазда гьоркьосеб турнир унеб къо. Гьениб нижер лъай-хъвай ккана ва исана дагъабги щулалъана. Гьев ватана гIажаибго сабру бугев, чIухIи-къули гьечIев, гIадатияв инсан. Гьесдасан баянлъана ва дидаго бихьана гьесул чорхолъ бугеб гьунар-махщел, бажари ва къуват. Гьес эркенго чIахIиял магIал цоцалъ кьурулел рукIана, гираби рорхулел ва цабзаз гIодоса эхеде росулел рукIана, щибго захIмат бихьичIого. Гьединго гьес кьурана рельсал, цабзаз маршрутка цIана 30-40 метралъ, чохьода лъун хъарщигун, I0-I2 чи эхеде ворхана, рищцатал журналал тIутIуна, каранда лъун гамачI бекана, гьединго гираби цабзаз бортизе течIого ккун чIезаруна, рахсал тIутIуна бакI-бакIаздасан.

Гьесулъ дида бихьана къуват гуребги, унго-унгояб гIадатлъи, гIаданлъи, чиясдехун бугеб ракI разилъи. ХIакъикъаталдаги нижер унго-унгояб гьудулъи-гьалмагълъи лъугьана ва цоцада ричIчIана.

Дагъистаналъул киналго районаздеги росабалъеги жив щвечIеб бакI цониги гьечIилан бицана гьес. Россиялъул гIемерисел шагьаразде щун вуго гьев жиндирго махщел-гьунар бихьизабизе. Гиннессил чIелазул тIехьалде восун вуго. 64 нухалъ дуняладда тIад чIел босун буго Г1умарица. Жиндирго махщелалде байбихьун буго I2 сон бараладаса. ГIумарил эбелги йикIун йиго чорхолъ бергьун къуват бугей гIадан. 300-400 кг. бугеб бакIаб жо гьелъ бигьаго добе-гьанибехун хъурщулаан, 32 кг. бугеб гири чанго нухалъ борхулаан.

Жиндирго гьесул 70 кг. гурони ц1айи гьечIо, гIумроялъулги 59 сон буго. Аллагьас къуват кьеги ГIумарие жиндирго гьунар-махщел гIун бачIунеб гIелалда бихьизабизе ва гьел куцазе.

Дица ГIумарида абуна мун лъикI ресалдаги ватилин, лъикIаб харжги батилин. Гьес велъулаго жаваб кьуна, киса харж ва кинаб гIарац,-абун. Жив бакI-бакIалде ахIулин, кьечIони жинцаго кьеян абуларин, абизеги гьечIин

БачIунеб буго гьадинаб суал – щай нилъ гъодиназдаса чIухIизе бегьуларел? Дуняладдаго цIар арав чиясул къадру-къимат гьабун гьесие кумек гьабизе бегьуларищ пачалихъалъ спорталъул министерствоялъ?

Ахирги дица гьесда абуна дур цо лъикIаб машинагIаги батилин. Гьев велъана ва абуна жиндие цояс машина кьун букIанин, нахъисеб къоялъ гъосул вацас нахъе бачун анин, жиндир машина букIанин гьебан. ГIумарица абуна Аллагьасул х1алкIолъи бугин кинабго, гьединлъидал сабруялда, хъантIичIого, бахиллъичIого вукIинин.

ГIумар, дуе щулияб сахлъи, сахаватаб гIумру. Аллагьас мун гIагарлъиялдаса, гьудул-гьалмагълъиялдаса вохун тайги.

**Сулейман МухIамадов,**
**нижер мухбир**

Баркула

## ЦIидасанги-бергьенлъи



ЦIидасанги бергьенлъигун тIад вуссана нилъер районалъул Майданское росулъа гIолилав МухIамад ГIисаев.

Гьал къоязда Сочиялда букIана халкъазда гьоркьосеб хехго ракIалда жо чIеялъул къецал. Гьенив нилъер чемпионас дандиязе бергьине киналгIаги ресал течIо, ракI чIун босана титул ва вахъана суперчемпионлъун.

РакI-ракIалъ баркула Мух1амад Г1исаевасда бергьенлъи. Хадурккунги рорхалъаби гьарула гIолилассе!

## Информирование о возможностях работы контакт – центров и каналов связи, функционирующих в МО, консультирования и защиты прав граждан, урегулирования жалоб в досудебном порядке, в т.ч. экстерриториально (в т.ч. наиболее значимые).

В системе обязательного медицинского страхования функционирует Контакт – центр, цель работы которого защита прав застрахованных граждан. Контакт – центр объединяет в единую систему фонд ОМС и страховую медицинскую организацию МАКС-М, работающую в Дагестане. Если при обращении в МО у вас возникли какие-либо вопросы или затруднения в сфере ОМС, вы можете обратиться в Контакт- центр по единому бесплатному номеру 8 800 222 29 5 Контакт-центр работает в режиме многоканального телефона с 9 до 18 ежедневно с понедельника по четверг, в пятницу с 9 до 16.45. по выходным и праздничным дням контакт-центр работает в режиме электронного секретаря. Специалисты Контакт – центра помогут вам в решении возникших проблем, урегулированию, жалоб в том числе в досудебном порядке, а также экстерриториально. В Буйнакском филиале ТФОМС РД работает телефон «горячей линии» по вопросам медицинского обслуживания. При необходимости вы можете обратиться по номеру 2- 92-27 к специалистам по защите прав застрахованных Буйнакского филиала ТФОМС РД.

Страховой представитель компании МАКС - М консультирует застрахованных граждан по защите их прав, способствует разрешению спорных вопросов, помогает получить необходимые медицинские услуги в рамках своей компетенции. Номер контактного телефона страховой медицинской организации МАКС- М 8-800-2222-905 (звонок бесплатный).

Все граждане Российской Федерации имеют право на получение медицинской помощи в рамках программы ОМС бесплатно. Цель и задачи ОМС обеспечить каждому гражданину страны при наступлении страхового случая (болезни, травмы, родов ...) качественную медицнскую помощь в объёме территориальной программы госгарантий. В целях обеспечения прав граждан на получение бесплатной медицинской помощи, медицинские организации информируют пациентов о возможностях в случае необходимости получить такую помощь в рамках территориальной программы госгарантий. Подобная информация размещена на стендах, посвящённых обязательному медицинскому страхованию в доступном для пациентов месте и на сайтах медицинских организаций.

Своевременное информирование пациентов о бесплатном лечении по полису ОМС – залог отсутствия конфликтов. Застрахованные граждане должны знать свои права и способы их защиты. В этом им помогает Контакт- центр, «горячая линия» ТФОМС РД, страховой представитель от страховой медицинской организации МАКС-М, а также специалисты по защите прав застрахованных граждан в филиалах Территориального фонда обязательного медицинского страхования Республики Дагестан.

**Буйнакский филиал ТФОМС РД.**

Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района

Главный редактор

КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский район
п. Шамилькала
ул. М. Дахадаева 3
Телефон редактора
89896522856
sadovoduns@yandex.ru
398940

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 13. 07. 2023 г. 15. 45
фактически -16. 25 мин.
........................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1002 экз.